

# Resous Kanpis pou Sipòte Tout Terp yo

4 septanm 2025

Chè Kominote ki sou Kanpis la,

Kòmansman yon nouvo ane akademik ki plen ak posiblite epi opòtinite. Kit w ap retounen oswa w ap kòmanse pakou ou isit la sou kanpis la, se yon moman ki enteresan pou w eksplòre, grandi epi konekte. Nou ankouraje w pou w pwofite resous ki disponib pou tout manm kominote kanpis nou an.

UMD la pou ede w jwenn koneksyon ak entegre w nan kominote a, bay sante mantal ak byennèt priyorite, epi devlope abidite ak konpetans pou ede w reyisi sou kanpis nou an ak pi devan nan lavi.

## Jwenn Santiman Apatenans ak yon Kominote

Jan ou ka konnen sa deja, biwo Vis Prezidan Georgina Dodge ap dirije a fèk etann limit li pou l pi byen koresponn ak travay l ap fè pou tout kominote kanpis la. Nan kad chanjman sa a, biwo a te chanje non [Apatenans ak Kominote nan UMD](#)

Nouvo non an fè referans a [Sondaj sou Apatenans ak Kominote](#) kanpis la te fèt prentan pase a, ki pral kontinye rete yon zouti enpòtan, ki baze sou prèv, yo pral itilize pou detèmine mezip nou kapran pou ranfòse yon santiman apatenans nan mitan etidyan, anplwaye ak pwofesè nou yo.

Anplwaye devwe nou yo ak rezo patnè nou yo ki etann nan tout kolèj ak divizyon yo te toujou wè tèt yo kòm yon ekip ki sèvi chak manm nan kominote nou an, epi chanjman sa a ranfòse misyon sa a plis toujou. Nou kwè sa ap louvri nouvo pòt pou elaji patenarya atravè kanpis la

epi ranfòse envestisman nou nan moun nou yo ak nan kominote a.

## Sipòte Byennèt

Lè nou pran swen tèt nou epi youn lòt, nou nan pi bon pozisyon pou sipòte ou plan akademik ak pwofesyonèl, epi grandi pèsònèlman.

Nou ankouraje w ale sou [sit entènèt sante mantal ak byennèt](#) nou an pou dekouvri tout resous ki disponib pou etidyan, pwofesè, anplwaye ak fanmi Terp yo. Sit la prezante òf pèsònalize pou chak manm kominote nou an, tankou enfòmasyon ak atè [Sant Konsèy UMD](#) a ofri ak sèvis byennèt atrav [Sant Sante UMD](#) a tankou [Pwogram Èd pou Pèsònèl Anseyan yo](#). Epiou sit entènèt la ofri [resous pou paran ak manm fanmi](#) Terp yo ki ka bezwen konsèy pou sipòte etidyan yo.

## Aprann, Konekte ak Grandi Antanke yon Kominote

Anplis sipò akademik ak byennèt, UMD ofri resous pratik pou ede w [Gid Manje Kanpis](#) nou an plen ak manje pou nenpòt manm kominote a k ap fè fas ak ensekirite alim [Sant Byennèt Finansye](#) nou an bay fòmasyon gratis ant kanmarad sou sijè tankou bidjè ak envestisman pou ede w devlope konesans finansyè epi reyalize objektif ou yo. Epi lè w patisipe nan [First Look Fair \(Fwa Rantre Lekòl\) nou an](#) [match ak rivalite espòtif](#), ak [pèfòmans nan The Clarice](#) Terp yo kapab selebre kominote dinamik nou an ansanm.

Pandan w ap dekouvri kanpis la, pri konnen responsab inivèsite ou an la pou gide w epi sipòte w pandan tout ane k ap vini an. Ansanm, nou ka kreye yon enpak siyifikatif sou kanpis nou an, kominote nou an ak mond nou an.

Lizay,

**Darryll J. Pines**

*Prezidan, Inivèsite Maryland*

*Li (Pwonon Maskilen)*

**Jennifer King Rice**

*Vis Prezidan Prensipal ak Rektris*

*Li (Pwonon feminen)*

**Patty Perillo**

*Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo*

*Li (Pwonon feminen)*

**Georgina Dodge**

*Vis Prezidan pou Apatenans*

*Li (Pwonon feminen)*